ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№42 (22.950) ● 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, бзэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий Налшык ухуэныгъэхэр зэрыщекІуэкІыр щІепщытыкІ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ М. М., КъБР-м и Архитекторхэм я союзым и унафэщІ Логоватовский Ю. С., зыхуэфащэ министерствэ я зыбжанэм я унафэщІхэр зыхьыжьа гупыр щІыгъуу КъБР-м и Іэтащхьэм щІипщытыкІащ къалэм и уэрам нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зыр - Къэбэрдей уэрамыр гъэщІэрэщІэным, зэІуэзэпэщ щІыным хуэгъэзэуэ зэфІагъэкІхэм щыгъуазэ зиІащ.

КъАЛЭР къыщежьа а щІыпІэм транспорт щІэземыгъэкІуэным, щІыхухэм я зыгъэпсэхупІэ щІыным теухуауэ илъэс куэд лъандэрэ къыхалъхьэ жэрдэмэщ къалъытащ икІи ар лъэсу фІэкІ щызекІуэ мыхъуну уэрам ящыІнущ. Иужьрей илъэсым мыбы лэжьыгъэшхуэ щекІуэкІащ. Ауэ дяпэкІэ зэфІагъэкІын хуейкэри мащІэкъым икІи архитектурэ и лъэныкъуэкІэ дагъуэ зыхуэпщІын Іуэху щхьэхуэхэр щыІэщ. А ныкъусаныгъэхэр зэман кІэщІым къриубыдэу ягъэзэкІуэжыну хуагъэуващ архитекторхэмрэ проектыр зыщІахэмрэ.

КІуэкІуэ Юрий казначействэм и унэщІэмрэ Сабийхэм я творчествэмкІэ республикэ унэр иджыпсту зэрауху эмрэ епІащ. Иужьрейр кІыхьлІыхь ямыщІу, дызыхуэкІуэ илъэсым ирихьлІэу зэфІагъэхьэн хуейщ.

Иджыпсту пэш кІуэцІхэр, шхапІэр, спортым, музыкэм зыщыхуагъэхьэзыр пэшхэр зэрахэ. Мы унэм хиубыдэу къыдэІуахынущ сабий зэчиифІэхэм ящыщу 200-250-рэ щрагъэджэн лицей. Пэш щхьэхуэхэр хухах обсерваториеи.

КІуэкІуэ Юрий къыхиубзэщхьэхуэкІащ зыхуэбгъэдэн щымыІэ мы ухуэныгъэр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

КъыкІэлъыкІуэу республикэм и Іэтащхьэр елъытащ илъэс куэд лъандэрэ яхунэмыгъэсауэ зэлэжь ухуэныгъэм - Театрхэм я унэм. Ар къыдзырагъажьэрэ илъэс 16 мэхъу, метр зэбгъузэнатІэ мин 17 къызэрыкІ ухуэныгъэщ. «Апхуэдиз зи инагъ унэр къытхуэмыгъэсэбэпу нобэм къэс къыдзэрекІуэкІыр къезэгъыркъым», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Мыр яуха нэужь концертхэр щат пэш иным къыдэкІуэу абы щыІэнущ щІалэгъуалэ зэгъухьэныгъэ зыбжанэм я хэщІапІэхэр. Апхуэдэу унэм щыщ пэшхэр хухахынущ творческэ союзхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгъухьэныгъэхэм. Ауэ апхуэдэ мурадхэр гъэзэщІа хъун папщІэ, «Трест-Промстрой» зэгъухьэныгъэм и генеральнэ директор **Войтов Алексей** зэрыжиІамкІэ, иджыпсту лэжьыгъэшхуэ егъэкІуэкІыпхъэщ коммуникацэхэр къеШэлІэным, унэм и щыгыр зехьэным, пщІантІэр зыхуэей хуэгъэзэным, транспорт гъэувыпІэхэр гъэхьэзырыным хуэгъэзэауэ.

- Мы ухуэныгъэщым нэхърэ нэхъыщхьэ иджыпсту республикэм щыІэкъым, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - абы кьыхэкІыу дэ ди къалэнщ ахэр зэман кІэщІым кІэриубыдэу нэдгъэсэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ЩІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным топсэлъыхь

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщІэтыныкІэ и коммиссэмрэ КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабымрэ зэщІыгъуу къыззрагъэпэща зэІущІэр. Абы хэтащ федеральнэ центрым и лІыкІуэ, КъБР-м и Парламентым, суд органхэм, МВД-м, ФСБ-м, прокуратурэм, УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм, зыхуэфащэ министерствэхэм я унафэщІхэр, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

● Абы дегъэпІейтей

ЗэІущІэм щыхэплъащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтынымкІэ, жылагъуэ хабзэр хуэмэнымкІэ программэхэр гъэзэщІа зэрыхъум, хабзэм кьемыззгъыу цІыху щхьэхуэхэм яхьумэ Іэщэ зэмылІэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыІэу ятыныр кьызэгъэпэщыным, транспортым и Іэнатіэр террористхэм зэрыщаухьумэр нэхъ тэмэму кьызэгъэпэщыным.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщіым и кьуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министр **Емуз Нинэ**, кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзэащІэ **Тату Къаз-бэч**, КъБР-м Транспортымрэ гъэзу хозяйствэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** сымэ ящІа докладхэм едэІуа нэужь республикэм и Іэтащхьэм кьызэзхуэсахэм я гулъытэр хуиунэтІащ программэ пыухыкІахэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ хухах ахъшэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, терроризмэм и идеологием нэхъ дихьэхьикІэ хьуну гупхэм драгъэкІуэкІ пропагандэр егъэфІэкІуэным икІи а Іуэхум нэхъ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэр кьыхэшэным. Апхуэдэу, КІуэкІуэ Юрий зэрыжиІамкІэ, щІалэгъуалэр гъэзу пхэнжьым темыувэн папщІэ абыхэм я ныбжьэгъухэмрэ кьуажэгъухэмрэ я псалъэр нэхъ пхыкІынущ.

Жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьыз

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ хуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр лъэхъэнэкIэрэ зэпыудауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхэпщэныжмкIэ къызэрэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ хуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр лъэхъэнэкIэрэ зэпыудауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхэпщэныжмкIэ къызэрэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэным теухуауэ.

2. Къэру имыIэжу къэлыытэн «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ хуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр лъэхъэнэкIэрэ зэпыудауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхэпщэныжмкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Іуэхуфа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №159-УГ-м и пункт 2-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№20-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №20-УГ-мкIэ къыщыгащ

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ хуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр лъэхъэнэкIэрэ зэпыудауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхэпщэныжмкIэ къызэрэпэщакIуэ комитетым

ХЭТХЭР

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iыр *(къызэрэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министрыр *(къызэрэпэщакIуэ комитетым и унафэщым и къуэдзэщ)*

АфIэунэ А. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Ахъуэхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI ІуэхуэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІуэхуэмкIэ и министрыр

Зэкъуей М. А. - «ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгуэныгъэм и ЩIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэр)*

Къзазаш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щIыхьэ коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Кислицын А. Н. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Кладько И. Е. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Къущей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Муртазов Б. С. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Сыжажэ Хь. Л. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэныкъуэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Іэнатlэкlэ къызэрэпэщыныжрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Уянаев К. Хь.-М. - Іуащъхьамахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныжрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхуфа»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныжрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къэщтэным мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлыытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж «Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныжрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхуфа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мэлыжьхьыым и 7-м къыдигъэкIа Указ №883-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№21-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №21-УГ-мкIэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныжрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым

ХЭТХЭР

КIуэкIуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым *(Советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Альтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщIыр *(Советым и секретарщ)*

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Iыр

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочIэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIыIла и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыр *(зэгурыIуаэр)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІуэхуэмкIэ и министрыр

Жариков О. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыIуаэр)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапl эм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуаэр)*

Къэрмокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал чэнджэщ Іэгъуэ

Кирин В. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал хэпщытэныгъэмкIэ и управлензм и унафэщ Iыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Литовченко Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр

Муртазов Б. С. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

НэкIащэ А. М. - «Урысей мэкъумэш банк» акционер зэгухьанысэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапl эм и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуаэр)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэныкъуэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Урысбий Хь. Хь. - «Урысейм и хъуманIэ банк» акционер зэгухьанысэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапl э №8631-м и унафэщым *(зэгурыIуаэр)*

Уянаев К. Хь.-М. - Іуащъхьамахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыIуаэр)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщ Іэгъуэ

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэм зыщегъэужьыныжмкIэ зэзыгъэуIу советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №161-УГ-мкIэ къыщыгащ, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуфа»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэм зыщегъэужьыныжмкIэ зэзыгъэуIу советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэм зыщегъэужьыныжмкIэ зэзыгъэуIу советым хэтхэр къэщтэным теухауэ» 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №161-УГ-мкIэ къыщтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) ЗэзыгъэуIу советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Альтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(ЗэзыгъэуIу советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Литвинов Р. А. - Прохладнэ къалэм и «Къалэ электросетхэр» акционер зэгухьанысэ зэIухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуаэр)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Хьэмыкъуэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Іэнатlэм щыкIэлъыплъыныжмкIэ и къэрал комитетым энергетикэм зэман къэкIуэнум тещIыхьауэ зегъэужьыныжрэ инвестицэ ІуэхуэхэмкIэ и къудамэм и унафэщIыр;

б) Гуэбэшы З. А. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр»;

в) Кулытырбей Р. А. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Іэнатlэм щыкIэлъыплъыныжмкIэ и къэрал комитетым энергетикэм зэман къэкIуэнум тещIыхьауэ зегъэужьыныжрэ инвестицэ ІуэхуэхэмкIэ и къудамэм и консультантыр *(ЗэзыгъэуIу советым и секретарщ)*»;

г) Кучменов ТI. М. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Іэнатlэм щыкIэлъыплъыныжмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр»;

д) Мусуков А. ТI. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iыр *(ЗэзыгъэуIу советым и тхьэмадэщ)*»;

е) Уэзрокъуэ З. Хь. и кулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Хуабэ-энергетикэ компание» акционер зэгухьанысэ зэIухам и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыIуаэр)*»;

ж) ЗэзыгъэуIу советым къыхэгъэкIыжын Камарзаев Э. А., Кладько Е. И., Ладан К.Н., Нэдджэрий В. П., Уянаев К. Хь.-М., Храмов К. К. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 24-м
№29-УГ

Зыужьыныгъэм и гъэзгум ирокIуэ

Коллегнехэр

КъБР-м и Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щыIэхэщ узынщагъэр хъумэн Іэнатlэм 2014 гъэм игуэта зэхъуэкIыныгъэхэм кьрикIуахэр къыщыIэщIакъуэж, дыззрыт илъэсым я къалэн нэхъыщхьэхэр щаубзыху зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIа КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узынщагъэр хъумэныжмкIэ Министерствэм щыщIэзэрагъэпэщащ жьэн узыфэм пэщIэтыныжмкIэ штаб, абы и лэжьыгъэм адэжкIи пищэнущ.

Узыр и чэзум къахутэн папщIэ цIыхухэм я узынщагъэр къапщытэу ирагъэкIуэкI Іуэхур мыхьэнэшхуэ зиIэщ. 2014 гъэм цIыху 152681-м я узынщагъэр къапщытащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, процент 40-р узынщэщ, процент 18-м узыфэ гуэрхэр къэхьеинкIэ щынагъуэ яIэщ, процент 42-р сымаджэщхэм щIагъэгъуэлъхьащ. Нэхъыбэу цIыхухэр зыгъэсымаджэу къаухутар гуфынтхуэ узыфэхэрщ.

2015 гъэм «Налшык» курортым и санаторэхэм хэту узынщагъэр щызэфIагъувэж къудамэу 8 къызэIуахыну я мурадщ. Сабий унэм хэту къызэIуахащ узыфэ хьэлъэ къызэуэлIахэм ар ящыгъэпсынщIэным хуэхаха Іуэхущ Іапl э. Ар лэжьэныгъэ зыужьыну узыфэ хьэлъэ зыщхьрыт сабий ныкъуэдыкъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи медицинэ дэIэпыкъуэныгъэ ягъэгъуэтын папщIэ.

- Іэнатlэм зэрызедгъэужьыным дыхущIокъу. 2014 гъэм Республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургие къудамэр зыхуэят хуэгъэзэным теухуауэ Іэмэпсымэ къэтщхэращ. Налшык къалэ клиникэ сымаджэщым къатихьу зэтет унэщIэ иIэ хъащ, Май район сымаджэщым и шхапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэят хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Республикэ клиникэ сабий сымаджэщым папщIэ ИВЛ аппарату 7, мультифитат Іэмэпсымэ къащэхуащ. Сабий къалъхуагъащIэхэр зыщIэлъ къудамэр зэрагъэпэщыжащ. Наркодиспансерым и унэр зыхуэят хуагъэзэжащ республикэ бюджетым къыхэкIыу.

БлэкIа илъэсым къызэIуаха медицинэ Іуэхущ Іапl эхэмкI къытеувыIащ Шэтыр. Апхуэдэу Анзорей жылэм Іуэгъэлъапl и 120-рэ щIэхуэу район сымаджэщыщIэ щаухуащ. Абы щолажьэ терапие, неврологие къудамэхэр, пониклиникэр. КъызэIуахыну я мурадщ травматологие, ортопедие, реанимацэ, операцэ щащI къудамэхэр. Ахэр псори сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэят хуэгъэзэу къызэрагъэпэщын папщIэ сом мелуан 30 текIуэдэнущ. КъыщынэмыщIауэ, республикэм и къуажэхэм къыщыIэуахащ амбулаторэу 10-рэ фельдшер-акушер Іуэхущ Іапl эу 42-рэ.

- Мы зэманым республикэм узынщагъэр хъумэныжмкIэ и Іэнатlэм цIыху 12245-рэ щолажьэ, - жиIащ министрым. - Абы щыщу 3323-р дохутырщ, 8922-р курыт медицинэ щIэныгъэ зиIэ Іэщ Іагъэлl эщ. Апхуэдэу щытми, мы зэманым Іэщ Іагъэлl Іэ 326-рэ дыкъэныкъуэщ. Псом хуэмыдэу неонатолог, анестезиолог, фтизиатр, психолог, нарколог, офтальмолог Іэщ Іагъэхэр зиIэхэм.

Іэщ Іагъэлl ныжьыщIэхэм я псэупIэ ирагъэфIэкIуэныжмкIэ ядэIэпыкъуныжмкIэ, «Къуажэ дохутыр» программэм и фIыщIэкIэ Іэщ Іагъэлl 87-рэ Іэнатlэкl Іэ зэрагъэпэща хъуащ. Мы гъэм а Іуэхум зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ: мы илъэсым щегъэжьауэ абы хьэхьэ хъунущ зи ныжьыщ илъэс 45-м нэс Іэщ Іагъэлl эхэри.

- Іэщ Іагъэлl нэхъыбэ кIуащ Дзэлыкъуэ районым (цIыху 16), Прохладнэ щIыналъэм дохутыр 13-м лэжьыгъэ къыщагъэущ. Бахъсэн, Лэскэн, Шэрдэж районхэм щIыпIэ медицинэ Іуэхущ Іапl эхэм Іэщ Іагъэлl 11 яхуэкIуащ. Іэнатlэ уваxэм я нэхъыбэр терапевт, педиатр, стоматолог, невролог, «Дзэлыкъуэгъу псынщIэ» Іуэхущ Іапl эм щыщэжьэну дохутырхэщ, - жиIащ Шэтым.

Министрыр тепсэлъыхьащ медицинэ Іуэхущ Іапl эхэм я транспортхэм я процент 90-р жьы зэрыхъуам. Псори зэхэту автомобиль 60 къаIэрыхьащ, абы щыщу 45-р республикэ бюджетым къыхэкIа мылькукIэ къащэхуащ. Апхуэдэу гъэзгу-транспорт къэхъуэкIащIэхэм хэхуэхэм псынщIэу дохутырхэр ядэIэпыкъун папщIэ республикэ бюджетым и мылькукIэ «С» классым щыщ реанимобилу 7 къащэхуащ. «КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм хэхуэхэм ядэIэпыкъу медицинэ» Іуэхущ Іапl эм гъуэгу нэхъ гугуэхэм щызекIуэн автомобилу 4 къыIэрыхьащ.

- Льготэ зиIэ сымаджэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр министерствэм нэхъ къытехьэлъэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ, - жиIащ Шэт Ирмэ. - 2014 гъэм дызыхэныкъуэ хущхъуэхэм я процент 41,3-р къэтщэхуащ федеральнэ бюджетым къыхэкI мылькукIэ. А Іуэхум папщIэ республикэ бюджетым къыхэкIащ сом мелуани 140,08-рэ. Ар 2013 гъэм тхухаха мылькум нэхърэ процент 50-кIэ нэхъыбэщ. Кэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэр зиIэ сымаджэ 58-м, абыхэм узэреIэзэну хущхъуэм илъэсым сом мелуани 169-рэ текIуадэ.

Медицинэ Іуэхущ Іапl эхэм я лэжьыгъэм Іуэхугъуэщ Іэхэр къызэрыхьами и гугъу щащIащ зэIущIэм. Апхуэдэу поликлиникэхэм администраторхэр щыIэжьэнущ. Іэщ Іагъэлl ныжьыщIэхэр гуапэу, нэфIэгуфIэу цIыхухэм яIущIэн хуейщ.

- Мыбдежым мыхьэнэ зиIэр сымаджэм гулъытэ зэрыхуащIымрэ медицинэ лэжьакIуэр абы дэIэпыкъуну зэрыхуеймрэ зыкегъащIэныщ, - жиIащ Шэт Ирмэ. - Администраторым и къалэнщ регистратурэм деж щытхэм я Іуэхур зэрыкIуатэм кIэлъыплъыну. Гъатхэпэм и 1-м «Поликлиникэ къащIащIидзэр регистратурэм дежщ» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Іыхьэм щIидзащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр медицинэ лэжьакIуэм ищIэ дэтхэнэ Іуэхуми гуапагъэр и лъабжьэу зэрыщытыпхъэр къэгъэлъэгъуэныщ.

Къэрал ыкIи къалэнхэр къыщыхигъэщым, министрым жиIащ медицинэ хуэIуэхущIэ тэмэныр цIыхухэм псомиз зэхуэдэу яIъэгъэIэсыныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, Іэщ Іагъэлlхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, Іэнатlэм кьыхьыхьэ иджырей Іэмалыщ Іэхэр жьыджэру къызэрагъэсэбэпыным, медицинэм и пэщIадзэ къудамэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуащIынур.

Зыпэрыт Іэнатlэхэм я Іуэху зытетым и гугъу ящIу зэIущIэм кьыщыпсэльащ Іэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щыналъэ фондым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Ацкъан Ратмир**, Узынщагъэр хъумэн Іэнатlэм кIэлъыплъыныжмкIэ федеральнэ Іуэхущ Іапl эм и къудамэу республикэм щыIэм и тхьэмадэ **Ахьмэт Алим**, КъБР-м и Дохутыр палатэм и тхьэмадэ **Іуэмэт Мурат**, республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапl эхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэу **Къэжэр Хъусен**, **Кущал Людмилэ**, **Къалэбатэ Рустам**, **Къаскъул Іэулият** сымэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

КъикIыжащ зауэм урыс сэлэтыр. *Рязань область, 1945 гъэ, мэкъуэгуэгъуэм и 2*

Литературэм и илъэс 2015

Усыгъэм и хэгъэуг Къэбэрдей-Балъкъэр

Хьэщіэм и гукъэкіыжхэр

Ди автобусыр Налшык зы сыхьэткІэ нэхъ пасэу къыщысам, вокзалыбжэр ягъэбыдэжакІэт, щІымахуэ жьы щІыІэри къыпщысхьыртэкъым. Къыспежьэнухэм сыкъызэрысар яжеСІами хъунут, ауэ игъащІэм сымыльэгъуа цІыхухэр дауэ згъэпІейтеину? Абыхэм сраГъэблэгъэну я къалэнкъым. Нэхъ псынщІэу си пІэ срагъэтІысхьэжыху езыхэм я дежкІэ нэхъыфІщ, - сэ нэхъ къэсщтэнур къезгъэзэгъыурэ Бжьэдыгъухьэблэ къыщыхьата телефон номерымкІэ сыпсэлъащ. ДакъикъипщІ дэкІатэкъым «Лимузин» дахэм сису сыкъызыщыхуэбжам.

ХЭЩІЭХЭР зрагъэблагъэ «Гранд-Кавказ» хьэщІэщым къыщыспежьа, Щэнхабзэмкі министерствэм и лэжьакІуэ лъагъуГуафІэхэу Темыркъан Светланэрэ МэкІэтІей Любэрэ я упщІэм сыкъитэуІэбжащ: си закъуэ сыщІэсыну сыхуей, хьэмэрэ цІыхухэт зыщІэхуэ «люкс»-м зы ГъунэгъуСигу щІытехуэну? Дауи, ГъунэгъуСыхуейщ, аращ сыкъыщІэкІуар - сэ схуэдэ тхакІуэхэр зэзгъэщІыхуну.

Конференцыр къыззэгъэпэщащэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэм занщІэу зестыжьащ. ФэрыщІагъ ядэплъагъуркъым, езыхэм сратхэщІэ лъапІэ фІэкІа пщІэнкъым. Абдеж дыдэм щызэзгъэщІыхуа Езэдч Руслан сызыхуей псори къысхуищІэну къыззэрызбгъэдагъэувар къызжеІэ. Ар Щэнхабзэмкіе министерствэм щылажьэ бзылъхугъэхэр кІуэж ямыІэ пэлъытэу ди хьэщІэщым зэрыщІэсыну хуэдэу.

Си «бысым хэха» Руслан щэнхабзэ лэжьакІуэкъым. Ар республикЗм ЗэрызекІуэ Іэмэпсымэхэмрэ зэпыщІапІэ Іэмалхэмкіэ и къэрал комитетым и нэхъыщхьэм и чэнджэщагъущ. Я унафэщІ Къудей Арсен я пашэу, а Іуэхущапіэр къызэрэпэщакІуэхэм яэщи, псори зи пщэ дэпэ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм доІэпыкъу.

Сыт республикэм къыщыхъур? Сыт хуэдэ хьэщІэ лъапІэ Мэзкуу къикІыну зыпэплъэр? Іуэхур «икІэри ипэри» Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуитІ - Зумакуловэ Танзиляр Тхьэгъэзит Зуберрэ - къыщалъхуа махуэхэр зэрагъэпэлъапІэрщ. ХьэщІэхэр дэращ - ди къэралым щыщу хэгъуэгу плІыщІым къикІ тхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэ кІызэрыгуэкІэр. Мэзкуу хьэщІэ «ехъэжьа» зыри къикІыркъым - къэкІуар къалэмым и гуащІэрыпсаухэрщ. Махуэшхуэ зыгъэлъапІэ усакІуэхэм пщІэ хуащІ къудейщ.

ХьэщІэщым сынэсыху, республикэм и Музыкальнэ театрым Зумакуловэ Танзиля и цІкІэ щызэхаубла пшыхьыр и кІэм нэбгырабгъэ. Артистхэм я мызэхьуэу, абы къыщыпсэльащ къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа хьэщІэхэр, щхьэж и хьэхъуэ Іурылъыжу. Сэ сыкъыкІэрыхуащ. Ауэ Псыжь Іэгъуэблагъэм ис тхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я псалъэр усакІуэм зыгуэру лъэзмыгъэсыжу хьунукъым, саугъэхэм къызэтеуІэкІащ. Дзнэр щысхуэзэфІэкІынур? Светланэрэ Любэрэ си гур мамыр ящІ: мыбдеж дыдэм, хьэщІэщым. Сыхьэтибгъум (пщыхьэщхьэм) Зумакуловэм Іэнэ хуагъэувынущи, абдеж сызыхуей псори къыщыззэхъІэнущ.

ПщыхьэщхьэхэкІэ уеджэ хъунутэкъым а пшыхьым. Ар санэхуафэ дыдэт, республикэм къыщыдэкІ «Заман» газетым и тхьэмадэ Аттаев Жамал щынэхьыжьу.

Кавказ Іэнэр щэнхабзэм и Іыхьэу къанэркъым. Уи жагъуэ мэхъу куэдым ар зэрагъэпудри и уасэр зэрырагъэкуэри. Абы и щхьэусыгъуэкІэ, хьэужьу егъэлеямрэ хабзэ зэшыгъэмрэ хуиту уамыгъашхэу Іэнэм убгъэдэсу къащохъу ди ныбжьыгъу урыс куэдым. Илэжьилэкіэ жьіпІэмэ, кавказ Іэнэри кавказ егъэблагъэкІэри хьэщІэм пщІэшхуэ щыхуащІ, абы и щхьэр щагъэльапІэ Цыхугъэм и дамыгъэщ.

Сэ къыкІоцІ ренессансым и лъэхъэнэм зэфІэуваауэ ящІыпІэ цІыхугъэм и лъабжьэр Къухьэпім щыщ лъэпкъхэм дунейм и къежьапІэм къыщалъхьхьуэрэ лІэщІыгъуэкІэрэ зэІэпахыху, кавказ лъэпкъхэм ар дыдэр я гъащІэмрэ хабзэмрэ хэпщІауэ къыздрахьэкІауэ, псом хуэмыдэу хьэщІэ егъэблагъэкІамрэ Іэнэ щысыкІэмрэ наІуэ къыщащІу.

Іэнэгум щызекІуэ хабзэхэм ящІ абдеж щебгъэкІуэкІыну уэрщэрыр гупсысэмрэ щэнхабзэмрэ я лъагаІэу щытыныр. Уэрытепсэльыхьыпхъэр гъащІэм мыхьэнэ нэхъ щызыІэ Іуэхуэрщ, Платон и «Санэхуафэ» (-Пир-) тхыГэр щхьэхуимыту сигу къокІыжьи. Абы хэт Іэнэм бгъэдэса зэныбжьэгъуэхэр апхуэдизкІэ купщафІэу зэпсэльаэхэти, европей эстетикэм Дахагъэр зищІысыр зэрыщыту Платон и «Санэхуафэм» я къыхихьи хуей хъуащ.

Дэ ди санэхуафэмри дызэптепсэльыхьар дахагъэрщ, ауэ Зумакуловэ Танзиля и усэхэм епхауэ. Дауи, абы и сатырхэм яхэлъ усгъэгъэр и анэдэльхубзэм, балъкъэрыбзэм, нэхъ щыбольагъу. Абыхэм гур зэрызэщІалэтэр а бзэм и благъэ тыркубзэ зэдзэкІыгъэхэми нэхъ къыхоущ. Ар щапхъэкІэ къыгъэлъэгъуащ Башкортостан щыщ хьэщІэм, Танзиля и усэхэу езым башкирыбзэкІэ зридзэкІэхэм къытуеджэри. Ауэ урысыбзэм Танзиля и усэхэр ибгъэзэгъэныр гугъущ.

Дауи, ди пщыхьэщхьэшхэм Платон и «Санэхуафэм» и лъагагъым дыщыпІэсыфакъым, абы папщІэ Платон хуэдэу щэджащэу ущытын хуейт. Ауэ псэм и кууагъыу абдежым щызыэхэсщІар Іэнэм тельа ерыскъым и Іэфіагъэм ІэныІэ щхьэж. Ар республикЗм ЗэрызекІуэ Іэмэпсымэхэмрэ зэпыщІапІэ Іэмалхэмкіэ и къэрал комитетым и нэхъыщхьэм и чэнджэщагъущ. Я унафэщІ Къудей Арсен я пашэу, а Іуэхущапіэр къызэгъэпэщакІуэхэм яэщи, псори зи пщэ дэпэ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм доІэпыкъу.

Сыт республикэм къыщыхъур? Сыт хуэдэ хьэщІэ лъапІэ Мэзкуу къикІыну зыпэплъэр? Іуэхур «икІэри ипэри» Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуитІ - Зумакуловэ Танзиляр Тхьэгъэзит Зуберрэ - къыщалъхуа махуэхэр зэрагъэпэлъапІэрщ. ХьэщІэхэр дэращ - ди къэралым щыщу хэгъуэгу плІыщІым къикІ тхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэ кІызэрыгуэкІэр. Мэзкуу хьэщІэ «ехъэжьа» зыри къикІыркъым - къэкІуар къалэмым и гуащІэрыпсаухэрщ. Махуэшхуэ зыгъэлъапІэ усакІуэхэм пщІэ хуащІ къудейщ.

ХьэщІэщым сынэсыху, республикэм и Музыкальнэ театрым Зумакуловэ Танзиля и цІкІэ щызэхаубла пшыхьыр и кІэм нэбгырабгъэ. Артистхэм я мызэхьуэу, абы къыщыпсэльащ къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа хьэщІэхэр, щхьэж и хьэхъуэ Іурылъыжу. Сэ сыкъыкІэрыхуащ. Ауэ Псыжь Іэгъуэблагъэм ис тхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я псалъэр усакІуэм зыгуэру лъэзмыгъэсыжу хьунукъым, саугъэхэм къызэтеуІэкІащ. Дэнэ щысхуэзэфІэкІынур? Светланэрэ Любэрэ си гур мамыр ящІ: мыбдеж дыдэм, хьэщІэщым. Сыхьэтибгъум (пщыхьэщхьэм) Зумакуловэм Іэнэ хуагъэувынущи, абдеж сызыхуей псори къыщыззэхъІэнущ.

ПщыхьэщхьэхэкІэ уеджэ хъунутэкъым а пшыхьым. Ар санэхуафэ дыдэт, республикэм къыщыдэкІ «Заман» газетым и тхьэмадэ Аттаев Жамал щынэхьыжьу.

Кавказ Іэнэр щэнхабзэм и Іыхьэу къанэркъым. Уи жагъуэ мэхъу куэдым ар зэрагъэпудри и уасэр зэрырагъэкуэри. Абы и щхьэусыгъуэкІэ, хьэужьу егъэлеямрэ хабзэ зэшыгъэмрэ хуиту уамыгъашхэу Іэнэм убгъэдэсу къащохъу ди ныбжьыгъу урыс куэдым. Илэжьилэкіэ жьіпІэмэ,

Уэращ, уэ зырыг зыхуэзгъэфащэр гъуаззу, Сэ хэти зезгъэщхьныир си мыхабзэ!

Пэж дыдэу, гъащІэмэ Іащіагъэмэ Танзиля мащІэу щыІэфагъкым: зэрыщытту къыщІегъалъэ. Апхуэдэ лэжьыгІэ бгъэдыхьэкІэм усакІуэр зыхуишар нэрылъагъущ. Гугъущ ди усакІуэхэм Зумакуловэ Танзиля и усыгъэм хуэгущІыІэ кьахэбгъуэтэну.

«Танзиля нэхъ лъапІэ Іыдэу иІэ дыщэжэкІыр гупсысэ кІуу, псэ хьэлэл, дахагъэ псоми яхуэзІуха гур къызІыхущ и усыгъэрщ» **(Гамзатов Расул)**

«Танзиля, шэч хэмылъу, усакІуэ щэджащэщ, ди литературэм и набдзэщ, усыгъэ кьабзэм хуэІэжьжь бзылъхугъэщ» **(Кулиев Къайсын)**

«Сэ мы бгырыс уэрэдбзэр куэд щІащ зэрысцІыхурэ, ауэ абы нэхъыфІу хэлъым зэи зихьуэжыркъым» **(Михалков Сергей)**

«Танзиля тхэркъым, уэрэд жеІэ. Ар тхэркъым - игу хьэлэлым кьуршыщхьэ псынэм хуэдэу езы усыгъэр кьеркІыкІ» **(Аймаков Чингиз)**

И Іэщіагъэр махуэ кьэс гъащІэм зэрызэхуэна щыкІэм Танзиля псалъэ кьызэрыгуэкІкІэ толсэлъхьыжьщ.

Абы, тауркъым хэт хьыджэбзым ещхьу, дэлъхьибл иІэщ. Езыр псоми я нэхъыжьщ. Къыргыызым лъэпкъыр щаша илъэсхэм а нэхъыжьбгъэр и плІэм хьэлъэу кьыщыгтехуэнущ. Дэлъху нэхъ цІыкІуэм «Дыгъашхэ» жаІэу, унэм ерыскъы щІэмылъу, адзэ-анэр лэжьакІуэ щыІэу. ИмыщІарэ имылэжьарэ къэнэжа хъункъым хъыджэбзым, унаГуэр игъэшхэн папщІэ.

Дэтхэнэ махуэшхуэми дэлъхуэкм я нэхъыжь, республикэм щыщІэрыІуэжьилагъуэ лэжьакІуэ, хуэдэ щІэныГъэкъэ я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор Зумакулов Борис хэтщ. Абы зэрыжиІэмкІэ, зэкъуэшхэм я шыпхъу закъуэр яГъэльапІэныр я пІалъэ кьэхуауэ, арщхьэкІэ езы Танзиля сыт щыгъуи апхуэдэ псапэкІэ къытекІуэрт. Унагъуэм псори щІэзэхьхьэк кьыщІэкІынщ. Гугъуехь псоми гпхыкІащ, итІани нэхъ бзаджи, нэхъ губди хьуахэкъым, лъэпкъ зэхэгъэжынри хьэлу къащтакъым, цІыкІугъэр кьахуэнащ.

«БзитІ» усэм Танзиля сэтей кьыщещІ «зыкІи пхуэмыхьуэжьи» анэдэльхубзэм и уасэр.

Зумакуловэм и унэм унагъуэм ис щІалэгъуалэр кьыщыдолІалІэ: нысхэр, къуэрылъхупхъурылъхуэр. Мыбдеж хабзэм димылъахъэу псори хуиту дыщызопсэльынІэ. Танзиля жеІэж и махуэшхуэр имыгъэлъэпІэну гъэмахуэм мурад зэрищІар. «Дунейм сызэрытетрэ пщІэшхуэ кьысхуащІащ, сэ схуэдэкъым тхьэусыхэр. Ауэ иджьпсту цІыхухэр тыншкъым. Сэ си хэку цІыкІуи и закъуэкъым фІыуэ сльагъур, си Хэкужхуэу Урысейри псэм пызощІ. Уриаинэм кьыщІыхъу кьомыр-щэ? Сытми, си махуэшхуэм нэхъэр нэхъапэ куэд щыІэт. Ар яжеСІащ си дэлъхуэкм. Арщхьэкіэ гъэмахуэм телефон кьоуэри, «кхъыІэ, тумылъхьэж» жеІэри макъ кьИуКІар мэлъаІуэ, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий кьоп-сэлъэну хуейщ ди. Куэд дэмыкІыу Унафэщ1ыр кьызоэхъуэ, сыкъыщалъхуа махуэр республикэм и махуэ лъапІэу зэрыщытыр, ар зыхуей хуэзауэ зэрапэтынур кьыжеІэ. А махуэ дыдэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ымрэ щэнхабзэмкІэ и министрымрэ розэ Іэрамэшхуэрэ тортышхуэрэ яІыгъыу унэм кьокІуэ. Тортыр апхуэдизкІэ инти, бжэм дэхуэтэкъым, арати, унэм кьыщІэдмыхьэу занщІэу гъунэгъуэм яхуэзгуэшащ».

Зумакуловэм деж кьикІыжу псори хьэщІэщым кьэкІуэжа нэужь, зэдаУэ кьэхъеящ: хэт и щІыналъэм усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ унафэщІэр нэхъыфІу щІыхущыт? Псоми, кьанэшхуэ щымыІэу, зыжьэу жаІэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым щалъэгъуам хуэдэ зыщІыпІи щымыІэу. «Кьанэшхуэ щымыІэу» щІыжьсІэр Ингушым щыщ «къэнар» я унафэщІ Евкуров Юнусбекри Къэбэрдей Балъкъэрым зыщІалъэгъуам хуэдэ дыдэу, усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ игъэльапІэу жиІэрти аращ.

Гурыуэгъуэщ, унафэщІхэм я гулъытэр экономикэм ирыбыдащ. Ауэ экономикэм и хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэр щІыхурр, а щІыхум и дуней тетыкІэр зэтезыгъэувэр щэнхабзэрщ, абы литературэм мыхьэнэщхуэ щеубыд.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ зэрыщагъэльапІэр зи фІыщІэр республикэм и Іэтащхьэращ. Апхуэдэу щІыщытыр нэхъ гурыІуэгъуэ хъунут унафэщІыр Іэщіагъэкіэ щэнхабзэм е щІэныгъэм пыщІауэ щытамэ. КІуэкІуэ Ивэн и Іэщіагъэкіэ хабзэхъумэщ!

Мыбдежым зыхэзмыщІыкІым сытепсэльыхьу кьыскъужаІэнкІэ согузавэри сыкьоувыІэж. Ліъхьэнэ щыІащ «хабзэхъумэхэр» «гражданскэ къарухэм» нэхърэ щэнхабзэм куэдкІэ нэхъ еІІалІэу щыщыта. Си тхыгъэр зытеухуар усыгъэм хуащІ пщІэращи, жьжьэ дыдэ кьикІ зы щапхъэ кьэзмыхьу хъунукъым.

Пасэрей альдж тхыдэдж Плутарх и «Гъащіэ гъэгу зэхуэмыдэхэм» зы хъыбар кьыщІэкъ. Македонский Александр зытекІуа кьэжэр пащтых Дарий и хъугъуэфІыгъуэхэр кьыщІухуахьам, сэрейм щІэтхэми езы пащтыхьми я гулъытэр пхъунатэ гъэщІэрэщІа гъэрыгъуэ ибыдащ. Македонскэр щІэупщІащ: «Сыт нэхъ зыхуэзращэр мы пхъунатэ дахащэм дэплъхьэну?» БлигущІэтхэм зэдэуэн щІадзащ. Гомер и «Илиада»-р кьищтэу пхъунатэм дэзыльхьа дэзэешэм псалъэмакъыр щыму зэпидащ. Адэкіэ Плутарх жеІэ Гомер Македонскэм «и чэнджэщэгъу, и зекІуэхэм кьыщыдзыгъэпэж ныбжьэгъуу» зэрыщытар. Щхьэусыгъуэр «Илиада»-р зекІуэхэмрэ зауэхэмрэ зэрытеухуам и закъуэкъым. Абы нэхъ гурыІуэгъуэ топсэльыхь нэгъуэщІ дэзэешэ цІэрыІуэ - Бонапарт Наполеон. Абы унафэ ищІат Гомер и «Илиада»-р императорым и тхыльъ хъуапІэ псоми щалъхьэну. Наполеон жиІэрт: «Илиада»-р, тхыльъ лъапІэхэм ещхьу, щатха зэманым и нэщэнэщ. Абы нэхъ згъэщІагъуэу хэтыр а лъэхъэнэм щыІа зэхэтыкІэ ткІийм дэщІыгъуу гупсысэ куури зэриІэпэгъунщ». Наполеон сыт щыгъуи кІэщІрэ щэрыуэу псалъэрт. Мыбдежми Усыгъэм сыт щыгъуи зэманым и нэпкъыжьэ зэрытелъыр кьыщІэгъэльэгъуэфащ.

КьулыкъущІэ инхэми цІыкІухэми я зэманым и «бзуэкІэр» зыхащІэну хуейм, усэхэр зыгурагъэІуэн хуейщ. Дохутыныр сымаджэр зэрыбауэм едаІуэу узхэр кьызэрихутэм хуэдэу, усыгъэм зэманым и узхэр кьыбгурегъаІуэ. Журналистхэмрэ жылагъуэ лэжьакІуэхэм я къэхутэныгъэхэмрэ ятхыр машІащ. Усыгъэм тепІъэ къудейкъым къигъэщІыр, тепІъэ зиІэ мыхьэнэщ. Петрарк щэджащэр щыхьэт техъуэу щытащ философиемрэ усыгъэмрэ зы Іуэху зэрызэрагъэхуэм. А тІуми езыхэр зыхэпсэукІ лъэхъэнэр Іупщіу уагъэльагъэнщ. Апхуэдэ пщэрыльэ гугъур игъэзэщІэну усакІуэм хуэзэфІэкІын папщІэ, и гъащІэ псор а Іуэхум хуигъэфэщэн хуейщ. Ауэ сытми жаІэркъым: усыгъэм укъыхуигъэщІыныр натІэм итщ. НэхъыфІ дыдэу слъагъу испан усакІуэ Лоркэ Федерикэ Гарсиа жеІэ: «ГуфІэгъуэ нэхъ нэщхьеІ дыдэу щыІэр усакІуэу щущытынырщ. Адрейхэм, лІэныгъэри яхэту, зыри кьикІырркъым».

ЕТІУАНЭ махуэм, 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м, республикэм и Музыкальнэ театрым етІуанэ пшыхь лъапІэр щекІуэкІащ, иджы КЪБР-м и цІыхубз усакІуэ ТхьэгъэзэитІ Зубер илъэс 80 зэрыкІэрыкъуэ теухуауэ. ГъэпсэгъуапІэ пщІ абрагъэувэ ТЫсыпІэ нэщІ кьыщІэнатэкъым. Щэнхабзэмкіэ министр Къумахуэ Мухьэдин Тхьэгъэзитым и гъащІэ гъуэгум топсэльыхь. Артистхэмрэ хьэщІэхэмрэ хъуэхъу жаІэу утыку кьохьэ. Мы пшыхьми и инагъым сыкьыгъэІэбжьа нэужь, кьэзыгурІуэ апхуэдэу усыгъэм зэпсычынныр мы щІыналъэм хабзэу кьызэрыщекІуэкІащ. Кавказыр КъуэкІапІэкъым икІи КъуэхъапІэкъым. КъуэкІапІэм и усыгъэм и лъагагъ кьэхутэгъуэйм Гёте екІуэ тепсэльыхьащ: «Къэжэрхэм лІэщІыгъуитухукІэ усэ соТх жьызІэу яІахэм усакІуэ нэсу кьыхахар блы кьудейщ. Абыхэм зрамыпэсахэм сэ нэхърэ нэхъ усакІуэфІ Іэджи яхэтт». Нэмыцэ усакІуэ щэджащэм ар зигъафІэу жиІэртэкъым - и фІэщт. Къэхутакіуэхэр щыхьэт тохъуэ курыт лІэщІыгъуэхэм ятха къэжэр усыгъэм дунейпсо щэнхабзэм хэпльхьэныгъэу хуищІар пасэрей альдж драматургиемрэ КъэщІэрэщІэжьгъуэм и урым суРэтыщІэхэмрэ я Іэдакъэщ1кІхэм къаззэрыкІэрымыхьм. Зэхуэмыхъур къэжэр усыгъэр зыхуей хуэзауэ зэрызэрамыдзэкІыфырщ. Усэ зэдзэкІыным хэлъ лъэпощхьэпохэм я къэхутакІуэ гурым жиІэгъащ: «Усэ мыхьэнэншэжэр зэрызэддзэкІыфым игъэбамПІэ усэ нэгъэсахэм зызэрыдамыгъэдзэкІыу ягу кьыттрагъэзагъэ». ЩыІэщ пхуэзмыдзэкІ гуэрхэр: макъыр, макъамэр зэрыщІэкІыу, си купщІэр кІуэд усэ, псалъэ джафэхэр кьыпІэщІинэу, и Іэфіыр пІэщІэлъэту.

«Фарси» къэжэрыбзэр IX лІэщІыгъуэм Хьэрыпэ хъалифыгъэр лъэпъэжа нэужь къэунэхуа саманидхэм яухуа япэ ирам пащтыхьыгъуэм и къэралыбзэ хъуауэ щытащ. IX лІэщІыгъуэм щегъэжьауэ XI нэс «фарси» бзэм тета къэжэрыбзэм и «дыщэ лъэхъэнэщ». Щытхъупс зытраГъэлъэда Европэм я лъэхъэнэм усэм и закъуэтэкъым щамыщІыхур: сабынри, щІагъщІэлъри, хьэмэмри, щэнхабзэм и нэщэнэ нэгъуэщІ куэди европэрысхэм яльэзыгъэІэсар ипщэ Испанием иса мусПымэнэхэрщ.

ИужькІэ нэгъуэщІ унэщІэ зезыхьэ пащтыхьыгъуэхэри къэунэхуащ, ауэ «фарси» усыгъэм дыщэ лъэхъэни дыжьын лъэхъэни кьызэринэкІащ: къуэкІыпІэ Туркестаным щегъэжьауэ Хы курытымрэ Къэжэр псыдэуапІэмрэ я зэхуакум дапІ щынапльэ абрагъуэм зыщыубгъащ. Сыт хуэдизу мыгъэщІэгъуэнми, эмирхэм, шаххэм, сультІанхэм я сэрейхэр усакІуэхэм я кІуапІэ, псэупІэ, зэпсэуапІэ хъурт. Шаххэмрэ сультІанхэмрэ сэрейм усакІуэ щагъэпсэум и закъуэтэкъым, усакІуэ нэхъыфІ зыІэрагъэхьэну зэпеуэхэр. Тепщэжэм ар фэрыщІыгъэм кьыхахыртэкъым, усэм и кьарум и инагъыр кьагурыІуэу арат.

Хорасан, Герат, Шираз кьалэхэр усыгъэм и щІыхьэрт. А щІыхьэрхэм яжь Кавказми кьыщІихуащ. 1736 гъэм, Надир-шах и зэманым, Иран-Къэжэр къэралыгъуэм и ГъунапкъэжэР Тэрч и Іуфэ ижьым къэсу щытащ, Дагъыстэнри Куржьр зыхьыхьэ Кавказ ЩІыбри, Ермэлыри, Азербайджанри хьыхьу. Ара кьыщІэкІынщ Баку и шей ефапІэжэм щІэу Есенин Сергей кьэжэм макъамэ зыщІэлъ «Шаганэ, уэ си Шаганэ» усэм хуэдэ игу кьыщІыпылъэдар.

Кіэщіу жьіпІэмэ, Кавказым усакІуэфІ щыІэнэр тхыдэмрэ хабзэмрэ я кьадекІуэкІ Іуэхущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэр а Іуэхум зэрелІалІэри тхыдэм кьыщІэкІынщ.

Гухэхъуэщ урыс усакІуэхэр - псом япэу Пушкинрэ Лермонтоврэ - кавказ усакІуэ зэрыхъуэм хуэдэ дыдэу, Кавказым щыщ Руставели Шота, Гамзатов Расул, КІыщокІуэ Адам, Кулиев Къайсын сыжэ Есенин Сергей кьэжэм макъамэ зыщІэлъ «Шаганэ, уэ си Шаганэ» усэм хуэдэ игу кьыщІыпылъэдар.

Адэжь ТхьэгъэзитІым и усэ тхыкІэм гупсэхуу тепсэльыхьыпхъэт, сыту жьіпІэмэ, Зубер, Зумакуловэми хуэдэу, урысейпсо мыхьэнэ зиІэ усакІуэщ. Ауэ си тхыгъэм и гъунапкъэм апхуэдэ Іэмал кьызитыркъым. Сэ мурадиз сщІакъым усакІуитІым я тхьэкІэр кьэзгъэпльэгъуэну. Сызыхуеяр КъэбэрдейБалъкъэрым Усыгъэм гулъытэ зэрыщыхуащІыр фІъзэгъэІэсынырт, сызыхэта махуэшхуэхэм сызыхуаша гупсысэхэр дыщІызгъуэу. Бзылъхугъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэсщІар ди Кавказ хабзэхэм хуэфащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 22-м дежьэжьын щыхуей махуэр кьэсащ. КъэкІуэлІэхэм куэд щІауэ ди тхыльхэмрэ адресхэмрэ зэІэпытхакІэт. Си «бысым хэха» Руслан вокзалым сишэкри, си автобусыр ежьэжьхуу щытащ...

Усыгъэм и махуэшхуэр иухат, ауэ ар скІэрымыкІ гукъэкІыжу кьыздесхьэкІырт. Теплъэгъуэхэр, зэхуэзэхэр, псалъэмакъ щхьэхуэхэр. Зы гупсысэщ а кьомым сызыхуашар: дэ езым ди кьарукІэ апхуэдэ пшыхьэкІэ махуэшхуэжьмкІэ ди зэхэтыкІэр дымыгъэжьэбзэжьмэ, дыхуейдыхуэмейми, телевизорымрэ рекламэмрэ яуфІея щэнхабзэм дыкъыхуэзэнэщ, абыхэми кьа-«Анэкіэ» зэджэ цІыхубзым блэкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Дауи, ТхьэгъэзитмИ пщІэ лей хуещІ Анэм.

Усэфіыр и зэманым куэдкІэ щІхьэдох. Ахэр щауса лъэхъэнэр блэкІауэ щытми, езыхэр жьыжьэ мэІу. ПІэщІыгъуэ кІуам ятхами, ди XXI лІэщІыгъуэм, хьыбарыр щыкуэду цІыхуэр зэпэІэщІэ зыщІым, щатха кьыпфІэщІ Зубер и сатырхэм дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и Іэ зэрыщІидзынум шэч хэлъкъым.

ТхьэгъэзитІым и махуэшхуэми Зумакуловэр зэрагъэльапІам ис хуэдэ дыдэ пшыхьэмрэ зэхуэсхэмрэ хэтащ. ЕтІуанэ махуэм Зубер и хэку Тэрч районым дашэри, я къуажэгъу усакІуэм и сатырхэр гукІэ ззэыгъэщІа сабийжэм Усыгъэм и дерс купщІафІэ дыІуагъэпльащ.

Адэжь ТхьэгъэзитІым и усэ тхыкІэм гупсэхуу тепсэльыхьыпхъэт, сыту жьіпІэмэ, Зубер, Зумакуловэми хуэдэу, урысейпсо мыхьэнэ зиІэ усакІуэщ. Ауэ си тхыгъэм и гъунапкъэм апхуэдэ Іэмал кьызитыркъым. Сэ мурадиз сщІакъым усакІуитІым я тхьэкІэр кьэзгъэпльэгъуэну. Сызыхуеяр КъэбэрдейБалъкъэрым Усыгъэм гулъытэ зэрыщыхуащІыр фІъзэгъэІэсынырт, сызыхэта махуэшхуэхэм сызыхуаша гупсысэхэр дыщІызгъуэу. Бзылъхугъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэсщІар ди Кавказ хабзэхэм хуэфащ.

Адэжь ТхьэгъэзитІым и усэ тхыкІэм гупсэхуу тепсэльыхьыпхъэт, сыту жьіпІэмэ, Зубер, Зумакуловэми хуэдэу, урысейпсо мыхьэнэ зиІэ усакІуэщ. Ауэ си тхыгъэм и гъунапкъэм апхуэдэ Іэмал кьызитыркъым. Сэ мурадиз сщІакъым усакІуитІым я тхьэкІэр кьэзгъэпльэгъуэну. Сызыхуеяр КъэбэрдейБалъкъэрым Усыгъэм гулъытэ зэрыщыхуащІыр фІъзэгъэІэсынырт, сызыхэта махуэшхуэхэм сызыхуаша гупсысэхэр дыщІызгъуэу. Бзылъхугъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэсщІар ди Кавказ хабзэхэм хуэфащ.

Адэжь ТхьэгъэзитІым и усэ тхыкІэм гупсэхуу тепсэльыхьыпхъэт, сыту жьіпІэмэ, Зубер, Зумакуловэми хуэдэу, урысейпсо мыхьэнэ зиІэ усакІуэщ. Ауэ си тхыгъэм и гъунапкъэм апхуэдэ Іэмал кьызитыркъым. Сэ мурадиз сщІакъым усакІуитІым я тхьэкІэр кьэзгъэпльэгъуэну. Сызыхуеяр КъэбэрдейБалъкъэрым Усыгъэм гулъытэ зэрыщыхуащІыр фІъзэгъэІэсынырт, сызыхэта махуэшхуэхэм сызыхуаша гупсысэхэр дыщІызгъуэу. Бзылъхугъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэсщІар ди Кавказ хабзэхэм хуэфащ.

Зумакуловэ Танзиля и пшыхьым: Елгъэр Кашиф, Зумакуловэ Танзиля, Толгуров Зейтун.

Танзиля и усэхэм цІыхубэр дахьэ.

Тхьэгъэзит Зубер цІыхубэм егъэлапІэ.

Мэзкуу щыщ хьэщІэхэр Тхьэгъэзит Зубер йохьэхьэу.

«Кабардинка» ансамблым пшыхьыр егъэдахэ. *Сурэтхэр* Къарей Элинэ *трихащ.*

ХЬЭГЪУР Айтэч, *профессор, Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, ЩІэныгъэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик. «Псыжь и газетыщІэ», 2015 гъэм мазаем и 15-м.*

Япэ тхылъыр адэ-анэм тыгъэ яхуещI

● Пшыхьхэр

Инарыкъуей къуажэм дэсхэм Литературэм и ильэсыр гуапэу къарагъблэгъащ. Щомахуэ Залинэ и «Мадоннэ» тхылъым «лъэтеувэ» щыхуащIащ езыр къыщалъхуа къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Абы къекIуэлIащ тхакIуэ ныбжьыщIэм и унагъуэмрэ и благъэ-Іыхьлыхэмрэ, жылэм дэс нэхъыжьхэр, Тэрч районым, Инарыкъуей къуажэм я администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, школ егъэджакIуэхэр, ныбжьыщIэхэр.

Шэрий Ислъам, Джатэжьей Ритэ, Щомахуэ Залинэ

ТХАКIУЭ ныбжьыщIэм теухуа видеогъэлъэгъуэныгъэ кIэщIым кърихьэлIахэр еплъа нэужь, абы и творчествэм тепсэлъыхьащ мы Іуэхур зи жэрдэм, Щэнхабзэмкlэ унэм хэт библиотекэм и унафэщI **Джатэжьей Ритэ**. Абы игъэлъэгъуащ Щомахуэм и Іэдакъэщlакlэхэр зэрыт журналхэр, газетхэр, тхылъхэр.

«Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и гъэсэн, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Щомахуэ Залинэ и Іэдакъэщlакlэхэр республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм щIэхщIэныгъэ кьытохуэх. Абы и тхыгъэхэр ихуащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Къудамэщlэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъхэм. 2008, 2011 гъэхэм пащащэр хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и тхыгъэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсым. 2012 гъэм Налшык щекIуэкIащ лъэпкъ драматургиемкIэ республикэ зэпеуэ. Щомахуэм абы 3-нэ увыпIэр кьыщихьащ. Илъэс къэс Мэшыкъуэ щIагъэкIуэкI щIалэгъуалэ зэхьыхьэми и гуащIэ щеплъыжащ Залинэ - лъэпкъыбзэр, хабзэр хъумэным теухуауэ игъэхьэзыра проектыр нэхъыфIу къалытытахэм ящыщщ. 2013 гъэм Мейкъуапэ щекIуэкIа «Адыгэ пащащэ» зэпеуэшхуэм Залинэ япэ вице-мисс щыхъуащ. Ар хэтщ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ, тхылъыр зи Іэрыкlым ехъэхъуащ школ егъэджакIуэхэр.

- Нобэ Инарыкъуей къуажэм зы вагъуэщIэ щыкIу къыщыщIэкIри, уэгум нурэ къыщыблащ. Сыкъуейщ Щоджэн щыкIу Алий, Кlыщокъуэ Алим, Къардэнгъущ Зырамыку, Іутlыж Борис сымэ хуэдэ ди Залинэ хьуну. Пащащэм и адэ-анэм, къыдалъхуахэм уакъыфIэкIымэ, мы Іуэхум сэ нэхьрэ нэхъ щыгуфIыкI мы пэшым щIэсу си гуГэкъым, сыту жыIэмэ, етхуанэ классым щегъэжьауэ школыр къыухыукIэ Залинэ адыгэбзэмкIэ езыгъэджар сэращ, - жиIащ **Хьэрэдурэ Эмма**. - Цыхьэр щIэпсэуэр нобэ хуэдэ гуфIэгъуэщ. Залинэ и зэфIэкI дахэ ялъагъу и адэ-анэм. Сохъуэхъу абыхэм я бынхэм я ехъулIэныгъэфIхэм щыгуфIыкIыу куэдрэ псэуну. Ди къуажэм къытхуеблагъа хьэщIэхэм фIыщIэ яхузощI. Си гуапэщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, тхакIуэ пажэхэм щыщIэ Хьэх Сэфарбий сымэ къызэрырихьэлIар.

- Залинэ школым зэрыщIэс лъандэрэ зыхэтым кьахэжаныкIыртэ и Іущагъкlэ, гурыхуягъкlэ, хьэл-щэн дахэкlэ. Усэ ХьэдженыгъэмкIэ щыIэ Лэгъупыкъу» зи фIэщыгъэ уэрэджэкIыгъэ гуп диIэти, абы яхэту уэрэд жиIэрт. «ФIырэ» «фIы дыдэкlэ» школыр къиухащ.

«Дыгъэр хуабэу къыщепсыр, анэр уиIэхукIэ арац» псалъэхэр хэтщ Іутlыж Борис и усэхэм ящыщ зым. Залинэ, уи дыгъэр куэдрэ кьепсын Алыхьым ищI! Нобэ къуажэм, лъэпкъым, унагъуэм, школым ди гуфIэгъуэщ. Срогушхуэ сэри Залинэ и школ егъэджакIуэхэм сазэрыщыщым, - жиIащ **КIуащ Ларисэ**.

- Нобэ Инарыкъуей гуфIэгъуэшхуэ дэлъу къызолытэ. Пащащэ щIалэ дыдэм кьигъэлъэгъуэфа щIэныгъэм хуэдэ къызыпIыкъуэмыкIын яхэтщ ныбжьышхуэ зиIэхэми. Залинэ и дэтхэнэ тхыгъэри гъащIэм ехащ, дэтхэнэми купщIэшхуэ щIэлъщ. Псом хуэмыдэу си гум дыхьащ анэм теуухуэ тхыгъэ тхылъым сыкъызыщеджакIэр. Куэдрэ зи цIэр фIыкIэ къраIэн, Къэбэрдейм и тхакIуэ нэхъыфIэхэм хабжэн Алыхьым уищI, - зыхуигъэзащ **Кокаевэ Замирэ** (лъэпкъкIэ осетинц, адыгэбзэ ещIэ) тхакIуэ ныбжьыщIэм.

ТхакIуэ **Хьэх Сэфарбий** жеIэ:

- Тхэн щIэзыдзэхэм сакIэпхолIри, Щомахуэ Залинэ хуэдэу зи творчествэм псынщIэу зиужьауэ литературэм кьыхьихэр мащIэщ. Сэ абы гугъэ сегъэщI иджыри Іэдакъэщlэкl дахэ куэдкIэ дигьэгуфIэну, литературэм лъэбакъуэшхуэ щичыну.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд** жиIащ Щомахуэ Залинэ и зэфIэкIхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ кьызэригъэлъагъуэр.

- Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ иджыпсту Залинэ зыпэрыдгъэувар Іэнатlэ гугъущ - политикэмкIэ, жылагъуэ, лъэпкъ Іэхуэхэмкlэ къудамэм дгъэкIуащ. Нэхъ гугъумкIэ кьыщIэбдзэмэ, Іэщlагъэм нэхъ хуэIэижь уохъу. Мы пащащэм куэд хуэзфIокI, дэнэ дгъакIуэми, екIуу зыкьыщегъэльагъуэ. Мейкъуапэ щекIуэкIа «Адыгэ пащащэ» зэпеуэм хэдгъэтати, дахэу утыку итащ. Адыгэбзэр ди хъыджэбзым хуэдэу зыгъэшэрыуэ яхэтакъым. Жюрим и унафэщIэ щыта Инэрокъуэ Мири гу кьылъитащ Залинэ и бзэм. Мы хъыджэбзым, абы хуэдэхэм я тхыгъэ тельыджэхэм я зэфIэкIым фригушхуэу Инарыкъуей Тхьэм куэдрэ фыщигьэIэ!

Тхакlуэ, радиом и лэжьакIуэ **Мыз Ахьмэд** и псалъэм къыхигъэщащ иужьрей зэманым зэджа тхылъэм «Мадоннэр» кьаэрыкигъэщхьэхукIыр, тхакIуэр ныбжькIэ щIалэмэ, гупсысэ куу абы зэрыщIилъхьар.

- Уэныхэзэрэзыжу зэи укъэмыуэвыIэ, нэхъри хэгъахъуэ уи щIэныгъэм. «Хъунщ зэзгъэхъулIар» жыIпIэу укъэувыIамэ, псори кIуэдыжауэ арац, - иритащ абы чэнджэщ тхакIуэ ныбжьыщIэм.

- Нобэ сыкъызэрихьэлIа пшыхьэ си гум дохьэ, - кьыпищащ псалъэмакъым район администрацэм и унафэщIым и къудзэ **КIэрэф Мурадин**. - Мыр гъащIэм, лъэпкъым, хабзэм, цIыху щхьэхуэм теухуа Іуэху дахэщ. Пащащэр кьызыхэкIа лъэпкъым, и унагъуэм, гъэзэгугъэныгъуэ хуэхъуа тхакIуэ, щIэныгъэлI нэхъыжьхэм я гугъэр егъэпэж, - жиIащ абы.

Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Емкъуж Хьэсэнбий**, Инарыкъуей къуажэ администрацэм и унафэщI **КIуащ Владимир** сыкъэплъэ гуапэ хуэщIащ, и зэфIэкIым хигъэхьэну, Іуэху дахэкIэ и къуажэр, адэ-анэри, адэжь лъэпкъри игъэгуфIэну ехъэхъухэащ ныбжьыщIэм.

Щоджэнщlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **Щоджэнщlыкlу Леонид** Залинэ саугъэт хуищIащ и япэ тхылъыр дунейм кьызэрытехьам, «Адыгэ пащащэ» зэпеуэм япэ вице-мисс зэрыщыхьуам папщIэ хуагъэфэща щIэжь тхылъыр.

Залинэ и адэ-анэм фIыщIэ хуащIащ Іуэху дахэм кьрихьэлIахэм. Кьуажэм и нэхъыжьфIхэм, ныбжьIэхэм псалъэ гуапэ яжриIащ тхакIуэ ныбжьыщIэм и адэ шыпхъу **Кыл Хуэмей**.

Залинэ и тхылъыр щIеджэжкIат школакIуэхэми. ИкIи тхыгъэхэм я теуухуауэ абы уПщIэжр иратащ. «Нэхунэ», «Мадоннэ», «Жэнэт бзу» рассказхэм, прозэу тха уэз щхьэхуэхэм я тхыкIэ хъуам, я сюжетхэм лъабжьэ яхуэхъуам тепсэлъыхьащ пащащэр. КьрихьэлIахэм псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ «Мадоннэ» рассказым и щэхур.

- Ди университетым щеджа дэтхэнэми ицIыхуу кьыщIэкIынущ «Мадоннэ» и образыр кьызытесщIыкIа цIыхубз цIыкIур. Лъахъшэт, щыгъынныджэт, зэхэуфIент. Сыт щыгъуи уэрэд жиIэрт абы. Зэгуэр ахъшэ хуэсшиящи, сихъатэкъым: «Сэ сылъаIуэу сыдэткъым», - жиIэри. Апхуэдизу дэхуэхам хэлъ пагагъэр гъэщIэгъуэн сщыхъуащ. Бзылъхъуэм щхьэхуимыту сыкIэлъыплIащ илъэсрэ ныкъуэрэ хуэдэкIэ. ИтIанэ «Мадоннэр» стхащ. Образым кIэрыслъхьащ къэзгуплъса куэд, сэ а цIыхубзым и къэкIуакIа псом сыщыгъуазэтэкъым.

Залинэ жиIащ и япэ тхылъыр адэ-анэм тыгъэ зэрахуищIыр икIи макъамэ щабэм щIэту куеджащ абыхэм ятеуухуауэ итха усэхэм.

Щомахуэ Залинэ теухуауэ псалъэ жаIащ, ехъэхъуащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр.

- Щомахуэ Залинэ и цIыху щIыкIэкIи литературэм щIиэ хъэтIкIи зи гупсысэ зэтеуа тхакIуэщ. И тхыгъэхэм кьыщигъащI лIыхъужьхэм, Іуэхугъуэхэм щIэныгъуагъэ яхэлъщ, укъагъэIэбжь. Си гуапэщ ди ныбжьэгъуэ нэхъри ефIэкIуэну, и гум кьыпыкI тхыгъэхэм дэри дагъэгуфIну, - жиIащ НафIэдз Мухьэмэд.

Дзэгъащтэ Азэмэт кьыхигъащIащ «Шыхулъагъуэм» Іуэху гуэр кьыщызэрагъэпэщми зэIущIэ ирагъэблагъэми, Щомахуэ Залинэ сыт щыгъуи гупсысэ щIэщыгъэ гуэр зэрахилъхьэр.

Азэмэт Іуэхум хэтхэм яхуэупсащ гушыIэкIэ.

Пшыхьэр уэрэдкIэ игъэдэхащ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI **Щэрий Ислъам**, **Щэрий Маринэ**, **Махьсидэ Джеликэ**, **Хъыбий Алинэ** сымэ. **Пэнагуэ Астемир** кьеджащ Джэдгъэф Борис ихта «Си адыгэ нап» усэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ГушыIэр зи лъабжьэ, гъащIэм и гъуджэ

Сурэтыщl гъуэзджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, щагъэльагъуэ а Іуэхущlапlэм и сурэттех Дзасэжь Фасярэ художник Бэлагъы Эбэлэрэ я лэжьыгъэхэр.

«ВДОХ и выдох» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ Дзасэжь Фася и сурэт 24-рэ, Бэлагъы Эбэлэ и карикатурэ 27-рэ. Лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэщ, купщIи яIащ. Фася и сурэтхэр апхуэдизкIэ кIыфIщIи, зэ еплъыгъуэкIэ щхьэ-щхьэпсалъэ гуапэ яжриIащ тхакIуэ ныбжьыщIэм и адэ шыпхъу **Кыл Хуэмей**.

Залинэ и тхылъыр щIеджэжкIат школакIуэхэми. ИкIи тхыгъэхэм я теуухуауэ абы уПщIэжр иратащ. «Нэхунэ», «Мадоннэ», «Жэнэт бзу» рассказхэм, прозэу тха уэз щхьэхуэхэм я тхыкIэ хъуам, я сюжетхэм лъабжьэ яхуэхъуам тепсэлъыхьащ пащащэр. КърихьэлIахэм псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ «Мадоннэ» рассказым и щэхур.

- Ди университетым щеджа дэтхэнэми ицIыхуу кьыщIэкIынущ «Мадоннэ» и образыр кьызытесщIыкIа цIыхубз цIыкIур. Лъахъшэт, щыгъынныджэт, зэхэуфIент. Сыт щыгъуи уэрэд жиIэрт абы. Зэгуэр ахъшэ хуэсшиящи, сихъатэкъым: «Сэ сылъаIуэу сыдэткъым», - жиIэри. Апхуэдизу дэхуэхам хэлъ пагагъэр гъэщIэгъуэн сщыхъуащ. Бзылъхъуэм щхьэхуимыту сыкIэлъыплIащ илъэсрэ ныкъуэрэ хуэдэкIэ. ИтIанэ «Мадоннэр» стхащ. Образым кIэрыслъхьащ къэзгуплъса куэд, сэ а цIыхубзым и къэкIуакIа псом сыщыгъуазэтэкъым.

Залинэ жиIащ и япэ тхылъыр адэ-анэм тыгъэ зэрахуищIыр икIи макъамэ щабэм щIэту куеджащ абыхэм ятеуухуауэ итха усэхэм.

Щомахуэ Залинэ теухуауэ псалъэ жаIащ, ехъэхъуащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр.

- Щомахуэ Залинэ и цIыху щIыкIэкIи литературэм щIиэ хъэтIкIи зи гупсысэ зэтеуа тхакIуэщ. И тхыгъэхэм кьыщигъащI лIыхъужьхэм, Іуэхугъуэхэм щIэныгъуагъэ яхэлъщ, укъагъэIэбжь. Си гуапэщ ди ныбжьэгъуэ нэхъри ефIэкIуэну, и гум кьыпыкI тхыгъэхэм дэри дагъэгуфIну, - жиIащ НафIэдз Мухьэмэд.

Дзэгъащтэ Азэмэт кьыхигъащIащ «Шыхулъагъуэм» Іуэху гуэр кьыщызэрагъэпэщми зэIущIэ ирагъэблагъэми, Щомахуэ Залинэ сыт щыгъуи гупсысэ щIэщыгъэ гуэр зэрахилъхьэр.

Азэмэт Іуэхум хэтхэм яхуэупсащ гушыIэкIэ.

Пшыхьэр уэрэдкIэ игъэдэхащ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI **Щэрий Ислъам**, **Щэрий Маринэ**, **Махьсидэ Джеликэ**, **Хъыбий Алинэ** сымэ. **Пэнагуэ Астемир** кьеджащ Джэдгъэф Борис ихта «Си адыгэ нап» усэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Судьям текIуэныгъэр яIэщIех

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэхэм гъатхэпэм и 22-м щIадзэжьынущ. Дунейр зэрыхуабэм ехьыжкIыу «Спартак-Налшыкым» абы зыхуэгъэхьэзырыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыдэфIагъэкIыну триухущ.

ЗыГъэсэныгъэм и еппланэ Іыхьэр ирагъэкIуэкIыну ди щIалэхэр гъатхэпэм и 2-м я баэзэм кьыщыхэзэхуэсыжащ. Абы ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» зэрыхагъэхьажкIэ зэгурыIуэныгъэм Іэ трагъэдзащ Мэзкуу и «Торпедо»-м краша гъуащхьэхъуэмэныкIыу Семёнов Владиславрэ Курск и «Аванград»-м щыджэгуа гъуащхьэхъуэмэ Кузнецов Андрейрэ. Нэхъапэ Іуэхlэ Дашаевыр («Ангушт»), Крыжевских, Огурцовыр (тIури «Краснодар-2») зэрызэхэгъэхьар къэплъытэмэ, ди командэм и унафэщIхэм, япэми хуэдэу, тегъэщIапIэ ящIыр нэгъуэщI щIыпIэхэм кьрашахэрщ. Абы адэкIэ утепсэлъхьыжыну мыхьэнэ гуэр иIэу кьыщIэкIынукъым.

Зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэу 3 налшыкдэсхэм иужьрей зыгъэсэгъуэм щрагъэкIуэкIынущ. Япэр гъатхэпэм и 3-м Кисловодск щызэхэтащ. «Спартак-Налшыкым» абы и кьалэ стадионым хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуат Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщ» зонэм и 1 гупым иджыпстукIэ езанэ увыпIэр щызыIыгъ Армавир и «Торпедо»-р.

ПшыхьэкъуитIми толджэгу хьэлэмэт къагъэлъэгъуэну хущIэкъуащ. Арщхьэкlэ нэрылъагъуат зэныкъуэкъуныгъэ гущIэм иджыри зэрыкъумыхьэзырыщIэр. Ахэр я кьарукIэ зэрызэцIэкIащI щIагъуэ щыIэтэкъым. Абы щыхьэт техуащ кIэух бжыгъэри.

«Торпедо»-м и япэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм хуэфащэу пэщIэтэ иужькIэ, ди щIалэхэр игъэкIэ кIуэтащ. Апхуэдизкъым ящыщ зым Къуэн Заурбэч бжыгъэр кьызэIуихыну хуэзфIэкIащ. Арати, 30-нэ дакъикъэм ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкыр» 1:0-у япэ ищащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ армавирдэсхэр нэхъ ерыщащ. Абы и фIыгъэкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжащ.

Мы зэIущIэм щытекIуэфIну ди щIалэхэм Іэмал яIащ. ДыщэкI Асльэн Іэззу кьыхита топыр Гугуев Магомед «Торпедо»-м и гъуэм дахэу дигьэкIат. Арщхьэкlэ судьям и щыуагъэкIэ ар хабжакъым икIи зэпэщIэтыныгъэр зэрытемыгъэкIуэяу, 1:1-уэ, иухащ.

Мыгувэу мы команддэхэр кIэух зэхьэзэхуэм щызэхуэзэнкIэ хъунущ, дэтхэнэри зыхэт гупым еханэ увыпIэм нэхъ тлъхьышу кьыщемыхьэм. Абы щыгъуэм ахэр нэхъ гуащIэу зэрызэдджэгунум шэч хэлъкъым.

«Спартак-Налшыкым» хэту «Торпедо»-м дэджэгу ну кьиухьахэщ Городовойр, Кузнецовыр, Аппаевыр, Дашаевыр, Каркаевыр, Къуэн Заурбэч, Гъэ, Гъурфыр, Ахриевыр, Бажэр, Гуэщокъуэр. ИужькIэ абыхэм ящыщ зыбжанэ яхьуэжащ Дыщэкlым, Гугуевым, КIыщым, Крыжевских, Васильевым, Семёновым, Огурцовым, Къуэн Асльэнбэч сымэ.

Зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэм иужькIэ ди щIалэхэм Іэпкlэ кIуэтащ. Апхуэдизкъым ящыщ зым Къуэн Заурбэч бжыгъэр кьызэIуихыну хуэзфIэкIащ. Арати, 30-нэ дакъикъэм ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» 1:0-у япэ ищащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ армавирдэсхэр нэхъ ерыщащ. Абы и фIыгъэкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжащ.

Мы зэIущIэм щытекIуэфIну ди щIалэхэм Іэмал яIащ. ДыщэкI Асльэн Іэззу кьыхита топыр Гугуев Магомед «Торпедо»-м и гъуэм дахэу дигьэкIат. Арщхьэкlэ судьям и щыуагъэкIэ ар хабжакъым икIи зэпэщIэтыныгъэр зэрытемыгъэкIуэяу, 1:1-уэ, иухащ.

Мыгувэу мы команддэхэр кIэух зэхьэзэхуэм щызэхуэзэнкIэ хъунущ, дэтхэнэри зыхэт гупым еханэ увыпIэм нэхъ тлъхьышу кьыщемыхьэм. Абы щыгъуэм ахэр нэхъ гуащIэу зэрызэдджэгунум шэч хэлъкъым.

«Спартак-Налшыкым» хэту «Торпедо»-м дэджэгу ну кьиухьахэщ Городовойр, Кузнецовыр, Аппаевыр, Дашаевыр, Каркаевыр, Къуэн Заурбэч, Гъэ, Гъурфыр, Ахриевыр, Бажэр, Гуэщокъуэр. ИужькIэ абыхэм ящыщ зыбжанэ яхьуэжащ Дыщэкlым, Гугуевым, КIыщым, Крыжевских, Васильевым, Семёновым, Огурцовым, Къуэн Асльэнбэч сымэ.

Зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэм иужькIэ ди щIалэхэм Налшык къагъэзэжауэ зыгъэсэныгъэм пащэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къуэн Заурбэч бжыгъэр кьызэIуех.

● КъБР-м и прокуратурэм

Я нэIэ тету

Республикэм и прокуратурэм щытепсэлъыхьащ ерыскъыхэмрэ хущхъуэхэмрэ уасэхэр зэрыхуагъэзэн щыкIэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Іэнатlэм щыкIэлъэплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Кучменов Тl. М., УФ-м и Антимонопольнэ Іэнатlэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и кьэудзэ Къумахуэ А. В., «Роспотребнадзор»-мрэ «Россельхознадзор»-мрэ я къудамэхэм я лIыкIуэхэр, хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэр.

Мыбы нэхъыбэу къыщIэтар ерыскъыхэмрэ хущхъуэхэмрэ я уасэхэм ятеуухуа Іуэхухэрщ. Абыхэр зэрыхагъэхъуэж и лъабжьэ иIэ? А уплщIэм жэуап ирати нурадкIэ, прокурор лэжьакIуэхэм республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ властымрэ кIэлъыплъакIуэ Іуэхущlапlэхэмрэ я лIыкIуэхэр я гъусэу. Хабзэм ебжьауэхэр жэуапым ирашалIэ.

ЗэIущIэм щызэгурыIуащ властым и органхэр, кIэлъыплъакIуэхэр, хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэр хъыбаркIэ нэхъ псынщIэу зэхъуэжэну. Абы егъэщIылIа кьалэн зыбжанэ кьызэхуэсахэм я пщэ далъхьажащ.

Республикэм и щыпIэ псоми уасэхэм кIэлъыплъ гупхэр щоладжьэ, щытыкIэ гугъум фейдэ кьыхэзэхыну хущIэкъу затуущ хьэрэмышхэр сэтей кьащIын мурадкIэ.

Абы кьыдэкIуэу КъБР-м и прокуратурэм къыщыщIэуаха сайт щхьэхуэмкIэ щIыхуэм къэпщытакIуэхэм хьыбар ирагъащIэ Іуэхущ, ерыскъымрэ хущхъуэхэмрэ я уасэхэм зэрыгъэзэн щыкагъэхъуа хуэзэмэ.

Налшык къалэм и лицей №2-м щрагъэжьащ «Народные промыслы. Преемственность поколений» зыфIаща Іуэху дахэр. Ар къызэрагъэпэщащ «Амра» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ, граждан жылагъуэ институтхэм ядэлажьэныгъэмкIэ и управленэмрэ.

«АМРА» Іуэхущlапlэм и унафэщI **Лъэпэ Лидэ** жиIащ дэтхэнэ зы лъэпкъми и щэнхабзэ, я гъуэджэ зэрыщIэрыгъуэхэм щIэблэр хагъэгъуэдэу арагъэхьэхыну, ныбжьыщIэхэм я зэрыщIэхэм хагъэхъуэну, нэхъри зрагъэужьыну нэхъыжьхэм зэракъалэныр. Аращ мы Іуэхур кьыщIыхалъхар.

Щыхуэбэ Іэпщlэлъапщlэ **Мэзэло Руслан** еджакIуэхэр хигъэгъуэзащ лъэпкъ хьэпшыпыр - арджэныр - зэращIым. Мэзэлом жиIащ зы арджэн ищIыным мазэм щIигъу зэрытекIуадэр. Абы и пльыфэр зэлъытар кьамылыр кьыщыкIа щIыпIэщ. Языныкъуэхэр удэмфафэщ, адрейхэр гъуэжьыфэщ, хужьыфэ кьызыщIэлъадэхэри яхэтщ. Арджэнхэм илъэс щIы бжыгъэкIэ зыри кьащIыпIынукъым.

Іуэху кьызэрыгъэкIыу щымытми, ныбжьыщIэхэр псынщIэу дихьэхащ икIи чэзуэу арджэн зэращIым еплъащ. Хэт ищIэрэ, арджэн щIыным и щэхуэхэм я кIапэлъапэ зыльэгъуа щIалэхэмрэ зэрыгъэгъуэныгъэхэм щIэблэр хагъэгъуэдэу драгъэхьэхыну, ныбжьыщIэхэм я гъуэджэм хэлъхьэныгъэ хуащIынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

КъБКъУ-м Дзаныкъмкlэ и институтым и егъэджакIуэ, Урысейм и Суриащlэхэм я зэгуэхэныгъэм хэт **Кхъуэжь Дианэ** тепсэлъыхьащ цым зэрелэжьым, абы ущIэ, щIакIуэ, щыгъын зэхуэмыдэхэр, хъэпшып куэд кьызэрыхащIыкIым. Цым щIэгъэуэн гуэрхэр кьыхэпщIыкI, уеблэмэ абы сурэт тепщIыхь зэрыхъуар псоми яфIэгъэщIэгъуэнт. Кхъуэжь Дианэ кьыхигъэщащ еджакIуэхэм я лэжьыгъэр мыгувэу кьызэрагъэпэщыну гъэльэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьэнур.

«Хатти» ансамблыр кьызэзыгъэпэща икIи абы и художественнэ унафэщI **Балъкъэр Къазбэч** ныбжьыщIэхэм чэнджэщхэр яритащ Іэдэбу, щэныфIэу, я пкъыр ухуауэ зытыну, екIуу зэрызаIыгъынym теухуауэ. Апхуэдизуи ягутепсэлъыхьащ къафэ гъуазджэм, лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм, хабзэм.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ хьэщIэщхэр зэрагъэдахэу щыта лъэпкъ Іэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, арджэнри, ущIэри, щIакIуэри яхэту, нобэ кьызэрагъэщIэрэщIэжыр, лъэпкъ къафэхэм я щэхуэхэм зэрыкагъэгъуэзэр, абы и мыхьэнэр щIэблэм зэрыгурагаIуэр, я зэрыхъуар псоми яфIэгъэщIэгъуэнт. ЩIэблэр гъэсэным, лъэпкъым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щIэпIыкIыным сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Лъэпэ Лидэ зэрыжиIамкIэ, ныбжьыщIэхэр дэзыхэха мы Іуэху щхьэпэм иджыри КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и институтым щыпащэну, гъэ къэс зэхьыхэр ирагъэкIуэкIыну, абы еджакIуэ нэхъыбэ кьыхащIну я мурадщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Щэнхабзэ

ЩIэблэр лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм хагъэгъуазэ

зэфIэкIхэм хагъэхъуэну, нэхъри зрагъэужьыну нэхъыжьхэм зэракъалэныр. Аращ мы Іуэхур кьыщIыхалъхар.

Щыхуэбэ Іэпщlэлъапщlэ **Мэзэло Руслан** еджакIуэхэр хигъэгъуэзащ лъэпкъ хьэпшыпыр - арджэныр - зэращIым. Мэзэлом жиIащ зы арджэн ищIыным мазэм щIигъу зэрытекIуадэр. Абы и пльыфэр зэлъытар кьамылыр кьыщыкIа щIыпIэщ. Языныкъуэхэр удэмфафэщ, адрейхэр гъуэжьыфэщ, хужьыфэ кьызыщIэлъадэхэри яхэтщ. Арджэнхэм илъэс щIы бжыгъэкIэ зыри кьащIыпIынукъым.

Іуэху кьызэрыгъэкIыу щымытми, ныбжьыщIэхэр псынщIэу дихьэхащ икIи чэзуэу арджэн зэращIым еплъащ. Хэт ищIэрэ, арджэн щIыным и щэхуэхэм я кIапэлъапэ зыльэгъуа щIалэхэмрэ зэрыгъэгъуэныгъэхэм щIэблэр хагъэгъуэдэу драгъэхьэхыну, ныбжьыщIэхэм я гъуэджэм хэлъхьэныгъэ хуащIынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

КъБКъУ-м Дзаныкъмкlэ и институтым и егъэджакIуэ, Урысейм и Суриащlэхэм я зэгуэхэныгъэм хэт **Кхъуэжь Дианэ** тепсэлъыхьащ цым зэрелэжьым, абы ущIэ, щIакIуэ, щыгъын зэхуэмыдэхэр, хъэпшып куэд кьызэрыхащIыкIым. Цым щIэгъэуэн гуэрхэр кьыхэпщIыкI, уеблэмэ абы сурэт тепщIыхь зэрыхъуар псоми яфIэгъэщIэгъуэнт. Кхъуэжь Дианэ кьыхигъэщащ еджакIуэхэм я лэжьыгъэр мыгувэу кьызэрагъэпэщыну гъэльэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьэнур.

«Хатти» ансамблыр кьызэзыгъэпэща икIи абы и художественнэ унафэщI **Балъкъэр Къазбэч** ныбжьыщIэхэм чэнджэщхэр яритащ Іэдэбу, щэныфIэу, я пкъыр ухуауэ зытыну, екIуу зэрызаIыгъынym теухуауэ. Апхуэдизуи ягутепсэлъыхьащ къафэ гъуазджэм, лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм, хабзэм.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ хьэщIэщхэр зэрагъэдахэу щыта лъэпкъ Іэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, арджэнри, ущIэри, щIакIуэри яхэту, нобэ кьызэрагъэщIэрэщIэжыр, лъэпкъ къафэхэм я щэхуэхэм зэрыкагъэгъуэзэр, абы и мыхьэнэр щIэблэм зэрыгурагаIуэр, я зэрыхъуар псоми яфIэгъэщIэгъуэнт. ЩIэблэр гъэсэным, лъэпкъым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щIэпIыкIыным сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Лъэпэ Лидэ зэрыжиIамкIэ, ныбжьыщIэхэр дэзыхэха мы Іуэху щхьэпэм иджыри КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и институтым щыпащэну, гъэ къэс зэхьыхэр ирагъэкIуэкIыну, абы еджакIуэ нэхъыбэ кьыхащIну я мурадщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ

ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●